

Nim. 202.83

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinite Sispanyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order, EO 202) pou deklare yon eta ijans akòz katastwòf pou tout Eta New York; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, oswa pou bay kèlkeswa direktiv ki nesèsè pou reyaji fas ak katastwòf la, avèk dokiman sa a, ap kontinye sispanyon ak modifikasyon nan lwa, ak kèlkeswa direktiv ki pa ranplase ak yon direktiv annapre, ki fè pati Dekrè Egzekitif 202.36, 202.37, 202.46, 202.47, 202.54, 202.58, 202.59, 202.65, ak 202.70, jan yo kontinye ak fè pati Dekrè Egzekitif 202.76, pou yon lòt trant jou jiska 17 janvyè 2021 epi avèk dokiman sa a mwen sispann oswa modifiye pwovizwaman sa ki annapre yo apati de dat Dekrè Egzekitif sa a jiska 17 janvyè 2021:

- Sibdivizyon 7, 7-a ak 8 nan seksyon 459-c Lwa sou Taks sou Pwopriete Imobilye a (Real Property Tax Law), ak sibdivizyon 5, 5-a, 5-b, 5-c ak 6 nan seksyon 467 nan Lwa sou Taks sou Pwopriete Imobilye a, nan mezi sa nesèsè pou otorize kò administratif yon inite evalyasyon adopte yon rezolisyon k ap bay evalyatè a enstriksyon pou li akòde egzansyon konfòmman ak seksyon sa a nan kadas 2021 an pou tout mèt pwopriete ki te resevwa egzansyon sa a nan kadas 2020 an, epi konsa evite nesèsite pou moun sa yo renouvle demann yo, epitou evite nesèsite pou evalyatè yo voye demann renouvèlman pou moun sa yo pa lapòs. A kondisyon sepandan, pou kò administratif la gen dwa, si li chwazi sa, ajoute nan rezolisyon sa a pwosedi pou evalyatè a kapab egzije pou yo depoze yon demann renouvèlman lè li gen rezon kwè yon pwopriete ki te kalifye pou egzansyon nan kadas 2020 an gen dwa depi lè a chanje rezidans prensipal li, ajoute yon lòt pwopriete sou tit la, transfere pwopriete a bay yon nouvo mèt, oswa mouri;
- Malgre tout lwa oswa règleman kontrè, pwofesyonèl medikal yo dispanse anba egzijans pou kenbe dosye yo nan mezi sa nesèsè pou pwofesyonèl medikal yo fè travay ki gen dwa nesèsè pou reponn a epidemi COVID-19 la, sa gen ladan, pami lòt bagay, egzijans pou kenbe dosye medikal ki reflète kòrèkteman evalyasyon ak tretman pasyan yo, oswa egzijans pou bay kòd dyagnostik oswa pou kreye oswa kenbe lòt dosye nan objektif faktirasyon. Nenpòt moun ki aji yon fason rezonab e ak bònfwon selon dispozisyon sa a ap benefisye iminite absolwi kont responsablite pou nenpòt ki mankman nan konfòmman li avèk nenpòt ki egzijans kenbe dosye. Pou pwoteje kont responsablite tout moun k ap aji yon fason rezonab e ak bònfwon selon dispozisyon sa a, egzijans pou kenbe dosye medikal;
- Dekrè Egzekitif 202.76, ki prevwa pou tout sispanyon Lwa sou Tribinal Koze Lafanmi an (Family Court Act) rete an vigè jiska dat 18 desanm 2020, modifiye avèk dokiman sa a pou prevwa pou tout

sispansyon Lwa sou Tribinal Koze Lafanmi an rete an vigè jiska ekspirasyon Dekrè Egzekitif sa a, jan lòt Dekrè Egzekitif pi devan ap pwolonje oswa modifye li.

- Chapit 125 nan 2020 ki pwomilge Lwa sou Èd pou Lwaye poutèt COVID-19 la (COVID-19 Rent Relief Act) nan mezi sa nesèsè pou otorize peman èd pou lwaye jan sa prevwa apa sa nan Lwa sa a, san egzije pou yon lokatè bay prèv li t ap peye lwaye avèk plis pase 30 pousan revni pa mwa anvan taks li anvan mas 2020.

ANPLIS DE SA, konfòmman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la konfye mwen pou pibliye nenpòt direktiv pandan yon eta ijans akòz katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, avèk dokiman sa a, mwen ap pibliye direktiv ki annapre a pou peryòd soti nan dat Dekrè Egzekitif sa a rive jiska 17 janvye 2021:

- Otorite Komisè Taksasyon ak Finans la pou li redui penalite poutèt depo ak peman an reta konfòmman ak seksyon 1145 Lwa sou Taks la (Tax Law) modifye avèk dokiman sa a jan sa nesèsè pou elaji otorite Komisè a pou otorize Komisè a pou li redui enterè tou, pou yon peryòd 91 jou, pou restoran ak lòt etablisman sèvis manje ki gen obligasyon deklare taks epi kolekte taks sou vant ak itilizasyon disi 21 desanm 2020, pou peryòd trimestriyèl taks sou vant ki te fini nan dat 30 novanm 2020 la, epi ki te gen obligasyon pou yo sispann sèvi manje andedan pa Dekrè Egzekitif 202.81 oswa pa Dekrè Egzekitif 202.68 poutèt yo chita nan yon zòn yo te deziyen kòm “zòn jòn abriko” nan dat 18 desanm 2020.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan dizuityèm jou mwa desanm

nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a